# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–15 फरवरी 2025 भोजपुरी समाचार

बनारस में आजु काशी–तमिल संगमम के तिसरका संस्करण क सुरूआति हो गइल। केंद्रीय शिक्षा मंत्री धर्मेंद्र प्रधान, प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आ केंद्रीय सूचना अउर प्रसारण राज्य मंत्री डॉ एल मुरुगन आयोजन क उद्घाटन कइलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलें कि ई आयोजन एक भारत श्रेष्ठ भारत क संकल्पना के साकार कइ रहल हौ। उहां के कहलीं कि ई संगमम दक्षिण भारत के लोगिन के प्रयागराज में महाकुंभ नहान अउर अजोध्या धाम में श्रीरामलला के दरसन क मौको दे रहल हौ।

सिक्षा मंत्रालय के ओरि से कई गो मंत्रालयन अउर प्रदेस सरकार क सहजोग से हो रहल येह प्रतिस्ठित सांस्कृतिक पहल क उद्देस्य तमिलनाडु अउर काशी के बिच्चे सदियन पुरान सम्बन्ध के फेर से खोजल, पुस्टि कइल अउर उनके बदे आनंदित होखल हौ।

**********

प्रयागराज महाकुंभ के पवित्र त्रिवेणी संगम में सरधालुअन के नहइले क सिलसिला चलि रहल हौ। आखिरी समाचार मिलले ले आजु संझा चारि बजे ले एक करोड़ आठ लाख सरधालु अउर कलपवासी नहा चुकल रहलें। लोकसभा अध्यक्ष ओम बिरला आ केंद्रीय वाणिज्य अउर उद्योग मंत्री पीयूष गोयलो आजु महाकुंभ नहइलें। लोकसभा अध्यक्ष ओम बिरला कहलें कि ई भारत क आध्यात्मिक, संस्कृति अउर आस्था क महाकुंभ हौ।

***यहां पर संत ऋषियों की वाणी का अद्भुत संगम है। करोड़ों लोगों की श्रद्धा है और मां गंगा का किनारा है। जहां वर्षों तक महाकुंभ के प्रति हमारी आस्था रही है। विश्वास रहा है, भरोसा रहा है। और आत्मा और मन की शांति के साथ देश में समृद्धि आए, खुशहाली उन्नति आए, हर व्यक्ति के जीवन में खुशहाली आए ये महाकुंभ में हम प्रार्थना करते हैं।***

केंद्रीय वाणिज्य अउर उद्योग मंत्री पीयूष गोयल महाकुंभ नहइले के सथहीं प्रयागराज में परमार्थ निकेतन आश्रम क प्रमुख स्वामी चिदानंद सरस्वती क दरसन कइ के उनकर असिरबाद लिहलें। उहां के कहलीं कि अबले पचास करोड़ से बेसी लोगि देस अउर बिदेस से महाकुंभ में आ चुकल हवें, जेहसे भारत क बढ़त सक्ति क सनेसा दुनिया में गइल हौ।

**********

प्रयागराज के महाकुंभ में ढेरि संख्या में सरधालुअन के अइले क सम्भावना के देखत प्रदेस परिवहन निगम अगिला तीनि दिन के दौरान दुइ हजार दुइ सौ पचास अतिरिक्त बस चलवले क घोसणा कइले हौ। एगो रिपोर्ट–

***परिवहन निगम ने यात्रियों को बेहतर और सुगम परिवहन सुविधा प्रदान करने के लिए अतिरिक्त बसों की व्यवस्था की है प्रदेश के परिवहन मंत्री दयाशंकर सिंह ने निर्देश दिए हैं कि प्रयागराज के विभिन्न अस्थाई बस स्टेशनों पर अधिकारियों की ड्यूटी निर्धारित होगी ताकि बसों का संचालन सुचारू रूप से हो सके परिवहन मंत्री ने नोडल अधिकारियों को महाकुम्भ में आने वाले श्रद्धालुओं की सुरक्षित और सुविधाजनक यात्रा सुनिश्चित करने के भी निर्देश दिए हैं। इस बीच, प्रयागराज संगम रेलवे स्टेशन आज और कल बंद रहेगा। आदर्श के साथ अभिषेक कपील आकाशवाणी समाचार प्रयागराज।***

**********

प्रयागराज में बीतल राति प्रयागराज मिरजापुर हाईवे पर मेजा रोड़ क्रासिंग के लग्गे एगो कार अउरी तेज गति वाले प्राईवेट बस के टक्कर में दस लोगिन क मउति हो गइल अउर करीब ओन्नइस लोगि घाही हो गइलें। हमरे प्रयागराज प्रतिनिधि के हिसाबि से छत्तीसगढ़ के रहे वाले ई सरधालु कार से महाकुंभ मेला जात रहलें। प्रयागराज क पुलिस आयुक्त तरूण गाबा बतउलें कि घाही लोगिन के इलाज बदे भरती करा दिहल गइल हौ। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ एह दुर्घटना क संज्ञान लेत जिला प्रसासन के अधिकरियन से घाही लोगिन के पुरहर ईलाज करवले क निरदेस दिहले हवे। ओहर राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू अउरी छत्तीसगढ़ क मुख्यमंत्री विष्णु देव साय घटना के लेके दुखः जतवलें हवे। छत्तीसगढ़ क मुख्यमंत्री सोसल मीडिया पोस्ट के जरिए बतउलें कि ई सज्जों सरधालु छत्तीसगढ़ के कोरबा जिला क रहवइया रहलें। ओहीं नेपाल के सरधालुअन के प्रयागराज ले जा रहल एगो यात्री बस आजु भिन्नही गाजीपुर सहर के कोतवाली इलाका में मिरनापुर के लग्गे हाईवे पर पलटि गइल। एह हादसा में एगो तीर्थ यात्री क मउति हो गइल ओहीं करीब चौबीस जने घाही हो गइलें। बस्ती जिला के पैकौलिया थान्हा इलाका के गौर बभनान राहि पर गोपीनाथ चौराहा के लग्गे काल्हि राति भइल एगो सड़क दुर्घटना में चारि लोगिन क मउति हो गइल। दुर्घटना ओह समय भइल जब एगो तेज रफ्तार कार टाली में पाछे से टकरा गइल।

**********

केंद्रीय माध्यमिक शिक्षा बोर्ड के कक्षा दसवीं अउर बरहवीं क बोर्ड परीक्षा आजु से सुरू हो गइल। दसवीं कक्षा क परीक्षा अठारह मार्च के अउर बरहवीं कक्षा क परीक्षा चारि अपरैल के खतम होई। ई परीक्षा एक्के सत्र में भिन्नहीं साढ़े दस बजे से दुपहरिया डेढ़ बजे ले आयोजित कइल जा रहल हौ।

**********

परीक्षा पे चर्चा दुइ हजार पचीस क पचवीं कड़ी में विद्यार्थियन के मस्तिस्क के चमत्कार के बारे में बतावल गइल। येही क्रम में मसहूर आध्यात्मिक अगुआ सद्गुरू सिखले के मनोरंजक बनावे अउर संतुलित, जीवंत मस्तिस्क बिकसित कइले के बारे में अंतर्दृस्ठि साझा कइलें।

**********